

## RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN

Satuan Pendidikan   SMK Negeri 2 Magetan Mata Pelajaran   Bahasa Jawa Kelas/Semester   X/I Pertemuan Ke   12 Alokasi Waktu   2 X 30 Menit Materi   Bermain Peran	KD : 3.3 Memahami karakteristik bahasa lisan dalam kegiatan bermain peran, dialog, dan berdiskusi sesuai dengan tatakrama. 4.3 Bermain peran, berdialog, atau berdiskusi sesuai tatakrama
---	---

### A. Tujuan Pembelajaran :

1. Melalui kegiatan tanya jawab antara peserta didik dan guru tentang teks bermain peran, peserta didik dapat menganalisis karakteristik ragam lisan dalam teks bermain peran dengan benar.
2. Melalui kegiatan berfikir kritis dan imajinatif yang dibimbing oleh guru, peserta didik dapat mempublikasikan teks drama yang ditulis dengan bahasa yang baik dan benar.

### B. Materi Pembelajaran:

1. Karakteristik basa lisan dalam teks drama
2. Teknik menulis teks drama

### C. Kegiatan Pembelajaran (*Discovery Learning, diskusi, pembelajaran digital*):

**Kegiatan Pendahuluan, melalui *Google meet* :** (15 menit)

- Guru dan siswa saling memberi dan menjawab salam dilanjutkan dengan berdoa sebelum pembelajaran dimulai;
- Guru mengecek kehadiran peserta didik melalui daftar login google meet, memotivasi dan menanyakan kondisi kesehatan;
- Siswa menyimak dengan teliti apersepsi dari guru tentang pelajaran sebelumnya dan mengaitkannya dengan pengalamannya sebagai bekal pelajaran berikutnya.
- Guru menyampaikan tujuan pembelajaran karakteristik basa lisan membimbing siswa untuk masuk pada kelas masing-masing melalui aplikasi *google classroom*.

**Kegiatan Inti melalui *google classroom* (35 menit)**

- Guru membimbing siswa dalam kegiatan diskusi online di google classroom.
- Siswa mengamati teks drama yang diposting oleh guru di google classroom dengan teliti.
- Siswa dan guru mendiskusikan karakteristik ragam basa lisan yang terdapat dalam teks drama pada kolom komentar dengan bahasa jawa yang santun, kemudian mengamati unggah-unggah basa yang terkandung dalam teks tersebut. Disediakan juga *link youtube* tentang unggah-unggah basa yang bisa diakses kapanpun.
- Guru dan siswa mendiskusikan teknik menulis teks drama yang baik dan benar.

**Kegiatan Penutup melalui *WA Group* (10 menit)**

- Guru bersama siswa merefleksi pembelajaran bermain peran pada laman *WA Group*.
- Guru memberikan penugasan pada siswa membuat teks drama sederhana secara mandiri dalam bentuk pdf kemudian diposting pada laman *Google Form* yang disediakan.
- Pembelajaran ditutup dengan doa dan salam antar siswa dan guru.

### D. Media, alat dan Penilaian

- a. **Media** : Power Point, pdf,video|**Alat**: Laptop,HP, |**Aplikasi**: Google meet, google classroom, WA, Google form
- b. **Teknik Penilaian**: Tes dan non tes,
- c. **Bentuk penilaian**:
  - Sikap : Observasi
  - Pengetahuan : tes tulis, dan penugasan
  - Keterampilan : Praktik

Mengetahui,  
Kepala SMK Negeri 2 Magetan

Drs. SUSILO PURWANTONO, MM  
NIP. 19620325 198703 1 009

Magetan, 29 Agustus 2020  
Guru Pengampu

SUKMA Satriani R.P, S.Pd  
NIP. -

## LAMPIRAN 1


### MATERI PEMBELAJARAN

Teks drama/teks lakon minangka sawijine bab kang dicepakake sadurunge pamentasan drama, kanthi nggatekake telung struktur pamangune yaiku:


- |                                  |   |
|----------------------------------|---|
| a) Jejer (Orientasi)             | : perangan wiwitane crita kang nepungake paraga , swasana lan mula bukane carita. |
| b) Paulayan (komplikasi)         | : Paraga ngadhepi prekara sing dumadi sajrone crita.                              |
| c) Pangudhare prekara (resolusi) | : Pungkasane pasulayan utawa dredah sajrone carita                                |

#### A. Ragam Basa Lisan

Ragam basa lisan yaiku ragam basa kang diandharake kanthi lisan , uga nduweni gegayutan karo kahanan lan wayah. Dene ragam basa lisan sajrone teks drama nduweni titikan kaya ing ngisor iki:



## B. Karakteristik basa lisan



## C. Bab-bab kang wigati nalika maca teks drama :

- a) Saben tembung kudu diucapake kanthi cetha
- b) Munggah mudhune lagu pocapan (intonasi) ing ukara kudu digatekake.
- c) Cepet lan alone micara (tempo) kudu trep.
- d) Praupan (mimik) utawa ekspresi lan solah bawane kudu trep karo watak paraga kang diparagakake.

## D. Bab-bab kang wigati nalika nulis teks drama:

- a) Milih tema sing dadi punjere gagasan teks drama
- b) Nemtokake paraga, latar lan pamawase pangripta
- c) Nemtokake alur utawa plot.
- d) Nggawe reng-rengane crita apa kang bakal dumadi, kapan kadadeyane, lan geneya bisa dumadi.
- e) Nulis teks drama
- f) Upload teks drama

E. Tuladha teks drama :

## **SUMINTEN DUDU SITI NURBAYA.**

### **Tokoh lan Penokohan**

1. Suminten = 21 taun, pacare Tejo, ayu, pinter, ora gampang nyerah, lan sregep.
2. Tejo = 21 taun, wonge ireng, pinter lan tresna mati karo Suminten.
3. Rama Dihadjo = 45 taun, bapake Suminten, awake gedhe dhuwur, rada galak.
4. Simbok = 41 taun, simboke Suminten, wonge rada *modern, nyentrik*.
5. Den Mono = 45 taun, juragan pari sugih, seneng karo bocah wadon sing isih enom.
6. Parto = 33 taun, rewange kulawargane Suminten.
7. Parti = 30 taun, rewange kulawargane Suminten.
8. Seto = 27 taun, rewange Den Mono.

### **Ringkesaning Crita.**

Suminten, bocah wadon desa Kalang Kethi nduwe pacar jenenge Tejo. Bocah Loro kuwi wis ora bisa dipisah maneh. Malah wis nduwe ancang-ancang yen arep nerusake kuliyah ing papan panggonan sing padha, kareben bisa bebarengan terus.

Nanging sawijine dina, ana juragan pari jenenge Den Mono arep ngalamar suminten. Rama lan Simboke Suminten sarujuk yen Suminten dirabi Den Mono kareben uripe kepenak. Nanging, Suminten ora gelem amarga tresnane amung kanggo Tejo lan dheweke uga pengin nerusake kuliah supaya bisa nggayuh apa kang diangen-angenake.

Suminten nduwe cara supaya dheweke ora sida rabi karo Den Mono kuwi. Tekan dinane lamaran, Suminten ethok – ethok kaya wong ora waras, ngguya – ngguyu dhewe, guneman dhewe lan teka – teka nangis dhewe. Weruh kahanan kaya ngono kuwi, Den Mono ora sida ngepek Suminten dadi bojo amarga kamiweden weruh tingkahe Suminten.

### **BABAK 1**

*(setting : swasana ing desa kang asri, omah – omah, wit – witan lan bangku kayu)*

*(nalika parak esuk, Tejo greneng-greneng nembang sajak lagi kasmaran, ora preduli kiwa tengen dheweke among kepingin nguntabake rasa pangrasa sajone ati. Yen ing tawang ana lintang, cah ayu. Aku ngenteni tekamu. Marak mega ing angkasa nimas.....)*

*(krungu swarane kangmas sing dadi pepujane ati lagi nembang kasmaran, Suminten age-age metu saka omah, dheweke banjur clingak-clinguk nggoleki blegere kangmas Tejo) .*

Suminten : aduh, aduh kang Tejo. Atiku krasa anteng krungu swaramu kuwi. Aku ngenteni sliramu kakang. Nanging ....wis pirang jam anggonku ngenteni kowe, kowe ora teka – teka. Tekan kapan aku kudu ngenteni,, oh lintang sik pating kerlip, kandha karo kakang Tejo,, kon cepet teka...(nembang,, bebasan kaya ngenteni udan ning mangsa ketiga..)

Tejo : najan mung sedela ora dadi ngapa penting wis ngadhemke ati...(mlebu ing panggung) Sedaya mawon,,tepanganen, kula Tejo Pambudi Sumbarjoyo. Kula jaka sing paling nggantheng kaya dene raden arjuna..ha..ha..ha,,lan niki pacar kula Minten. Dheweke prawan ayu, ayu ta penonton? Ayu apa ora? Jan moblong – moblong ngono ayune. Jeneng kumplite Raden Roro Suminten Cahyarini Setyoning Putri,,jeneng bekene Minten dudu pinten lho. Dheweke iki isinan banget, tapi isinane kuwi sik marakake kula terkinthil – kinthil.

Suminten : Kang Tejo,, kejem tenan sampeyan ki. Kok nembe teka? Saka ngendi wae?

Tejo : Pangapurane yo Minten, aku kudu nggolek wektu sing pas, ben ora konangan Rama lan Simbokmu. Dadi aman.

Suminten : Kang Tejo, sampeyan ngerti to yen aku tresna temenan karo sampeyan? Nanging aku lagi sedhah, aku pengen nangis (*njagong*).

Tejo : Kena ngapa Minten? Ndang ngomonga...(njagong njejeri Minten).

Suminten : Ngene Kang, rencanane dhewe bakal neruske kuliah bareng,,ketoke bakal ora sida. Awake dhewe ora bisa bareng kang.

Tejo : Kenapa???? Kenapa Minten?Yen awake dhewe wis lulus bakal neruske S2 bareng to? Mengko nek wis lulu S2, jare yo arep neruske maneh. Pokoke dhewe bareng – bareng terus Minten. Terus kurang apa maneh Minten?

Suminten : ya kuwi masalahe Kang. Rama lan Simbok ora setuju yen aku neruske kuliyah.wiwitane si Rama lan Simbok sarujuk wae, nanging amarga wingi awan Den Mono teka ing omah. Den Mono nglamar aku kang, Rama lan Simbok ngakon aku nikah karo Den Mono kuwi.(huhuhuhu nangis).

Tejo : Apa? Den Mono bendot tuwa sik uwis uwanen kae Minten? (*ngadeg karo emosi*).  
Kae Bojone uwis 4 Minten?

Suminten : Iyo Kang kuwi sik nggarai aku emoh.. nanging nek dadi bojo pertama aku tak  
mikir – mikir dhisik.

Tejo : Apa? Minten Minten aja ngawur to kowe! Pokoke ngene Minten,,aku ora lila , ora  
ikhlas yen kowe mbojo karo Bendot Tuwa kae. Aku Tejo Pambudi Sumbarjoyo  
sumpah ning ngarepe kabeh bala SMK 2. Ora ana sing oleh dadi bojomu kejaba  
aku. Ora bakal aku ngeculake kowe Minten!Yen ana sik wani ngganggu kowe aku  
ora isin – isin bakal lapor karo pak Bambang !

Suminten : Ah Kang Tejo, aku dadi wedi weruh kowe ngamuk ngono kuwi. Aja kasar – kasar  
ah, isin lho kae dipirsani Pak Bambang. Wis kang, ngene kowe ora usah wedi, aku  
ora bakal tresna karo liya kejaba karo kowe Kang. Saiki ngene,, dipikir wae yo  
kang, kadang aku sok bingung milih cinta apa logika. Yen cinta, aku jelas milih  
kowe kang, kowe isih enom, ganteng, ning kadhang – kadhang rada slewah. Kowe  
jujur , kowe apa anane, lan kowe nduwe tresna sing gedhe marang aku. Nanging  
yen dilogika, Den Mono kuwi sugih, bojone 4, nek aku dadi bojo sing kelima, aku  
bakal urip mulya, tumpakane Baleno, anggon – anggonane mas raja brana. Ora usah  
kerja wis mulya Kang.

Tejo : Hush...!! Minten!! Ngawur Kowe. Kok ngono!!

Suminten : Sik sik sik Kang, aja kuwatir. Kuwi kan mau angen- angen, fakta. Nek kon milih  
aku ya tetep milih sing sepisan, milih kowe kang. Aku nduwe cara kanggo nampik  
Den Mono ( *Ngandhani Tejo kanthi lirih*). Ya ya Kang?

Tejo : Apa ta? Aku ora krungu..hahaha...  
iya iya aku krungu Mintenku, aku tambah tresna marang sliramu Minten.

Suminten : Aku uga iya kakang.

Tejo : oh Minten  
(*gendhingan muni, Tejo lan Suminten lunga saka panggung*)

## **BABAK 2**

(*setting nang jero omah, setelane lagu campursari. Rama Dihadjo Bapake Suminten lagi  
njagong nang kursi karo ngopi lan maca komik dene simboke lagi maca Koran*)

Simbok : Rama Rama, sampun sepuh kok wacanane komik kaya bocah cilik wae.

Rama : Simbok ki ora ngerti, maca kaya ngene ki kanggo hiburan ngilangake stress.

Simbok : apa iya Rama?, njajal aku tak maca. (*maca karo ngguya – ngguyu*)

Parto : Ndara putri kok nggujeng piyambak niku pripun Ndara Kakung?

Parti : ho oh e kae Ta, Ndara Putri kesambet apa kae?

Simbok : Enak wae kesambet, aku lagi maca komik iki, jan lucu ya jebule.

Parti : napa nggih Ndara?

Simbok : Ki coba kok waca dhewe.

(*Parti maca njuk ngguya – ngguyu dhewe*)

Simbok : Lha rak temenan ta lucu, kowe ngasi ngguya – ngguyu ngono.

Parti : hehehe sanes Ndara, kula niku mboten dong kaliyan tulisane, wong kula boten saged maca.

Simbok : ooo lha jan...

Rama : Wis wis leh padha gojeg, iki arep ana tamu penting iki. Den Mono arep sowan rene. Aku bakal nduwe mantu juragan pari sing sugih kae, lan aku bakal tambah sugih. Hahahaha

Parti : Ndara, gaji kula minggah nek mekaten?

Rama : Hush, kowe ki dhuwit ae sing kokpikir! Kerja ndal-ndul, gaji njaluk gedhe. Dipikir dhuwite kakekanmu? Wis kae gugah Ndara Minten, kon dandan sing ayu. Bar kuwi kowe njur masak sing enak.

Parti : sendika dhawuh Ndara.

(*Parti lan Parto, ninggalke panggung*)

Rama : Mbok, rasane aku kok seneng banget, sediluk maneh Minten bakal nikah karo juragan pari sing sugih kae.

Simbok : Nanging Rama, sajane Simbok pengin Minten nerusake kuliyahe maneh

Rama : Halah wis Mbok, yen karo Den Mono uripe Minten mesthi bakal mulya.

Simbok : Rama, Den Mono kok bisa seneng karo Minten ya?

Rama : Ya jelas ta Mbok, wong Minten ki ayu, pinter tur sregep.

Parto : (*rengos – rengos ambegane*) Ndara, Den Minten, mboten wonten teng kamar Ndara!

Parti : Nggih Ndara Den Minten ilang

Rama : APA?

Simbok : Minten.... Rama, Minten nang ngendi?

*(thok, thok, thok, swara lawang dithuthuk)*

Den Mono: Assalamualaikum !

Rama :*(ethok-ethok anteng)* mangga mangga. Heh Parti cepet gawekna unjukan kanggo  
Den Mono.

*(Den Mono njagong )*

Den Mono: Langsung wae Rama, aku teka iki arep menehi mas kawin Rama. Iki dhuwit Rp.  
20.000.000,00 , klambi salemari. Nang njaba ana kebo 2 karo wedhus lan pitik.

Rama : Adhuh Den Mono, matur nuwun sanget. Niki sinten Den?*(nunjuk rewange Den  
Mono)*

Den Mono: oh iki rewangku Rama.

Rama : oo kula kinten putrane Den Mono. Mangga lenggah Mas.

Seto : Kita mboten biyasa lenggah Rama. Kita tugase njagi, Den Mono.. Niki mas  
kawinipun Rama, liyane wonten njaba.

Simbok : Matur nuwun Ndara

Den Mono: Simbok, Minten wonten pundi? aku arep ketemu.

Rama : *(bingung, mloka-mlaku)*

Simbok : Oh nggih, sekedhap Ndara. Minten wonten kok.

*(Minten mungguh panggung karo nembang)*

Suminten : Rama, Simbok.

Den Mono: Minten, renea cah ayu.

Suminten : emoh...!

Rama : Minten !

Suminten : Den Mono, Rama, Simbok. Mumpung padha kumpul, aku arep ngomong, yen aku  
ora sudi dadi bojone Den Mono ! Lamarane tak tampik !

Rama : Minten ! kowe dadi anak aja sembrana ! kudu manut karo wong tuwa !

Suminten : Mboten Rama, kula pengin nglajengaken kuliyah S2

Simbok : Minten, Den Mono ki wong sugih, dadi kowe ora perlu kuliyah dhuwur – dhuwur.  
Apa – apa wis diwenehi karo Den Mono, uripmu bakal kepenak Ndhuk.



Suminten : mboten, Rama Simbok yen mekaten panjengan ngadol kula teng Den Mono ! kabeh  
– kabeh merga bandha !

Simbok : Ora Minten, iki kanggo uripmu.

*(Rama ngomong – ngomong lirih karo Den Mono, wong loro kuwi sarujuk)*

Rama : Den Mono, nyuwun pangapunten, niki tanggung jawab kula. Pokoke mbenjing  
siyang Den Mono mriki malih. Minten sampun siap ngagem klambi pengantene.  
Biyasa to Den, yen cah enom ki jarene sok jaim – jaim.

Den Mono: Yo wis Rama, sesuk jam 9 aku rene maneh. Saiki aku dak bali dhisik.

*(Den Mono mudhun seko panggung karo rewange)*

*(Minten nangis muguk – muguk)*

Rama : Minten ! kowe bar saka ngendi, Parto karo Parti padha nggoleki kowe. Apa kowe  
lunga karo Tejo bocah gunung Kluthuk kae, sing Bapake mung tani Lombok, cah  
wingi sore kae? Kowe ora pantes karo Tejo Minten ! Arep dipakani apa kowe ?

Simbok : Uwislah Minten, nuruta karo Ramamu. Tejo kuwi cah apik –apik ning ora nduwe  
apa – apa, uripmu bakal rekasa Ndhuk.

Suminten : Pokoke Minten pengin tetep kuliyah, ben bisa dadi profesor. Apa maneh dikirim  
nang Inggris.*(isih tetep nangis)*

Rama : Wis, aja nangis terus. Saiki ngaso, sesuk pengulu teka, klambi pengantenmu wis  
disiyapake. Sesuk dandan sing ayu, lalekna Kuliyahmu !

Suminten : mboten Rama...!

*(Simbok nuntun metu Minten mudhun panggung)*

Rama : Bocah saiki aneh, dikon mbojo wae ora gelem.

*(tembang : durung nganti garing tatu sik nng atiku, tega – tegane sliramu nambahi kelara  
atiku, aku ora percoyo nanging kabeh iki nyata....)*

### **BABAK 3**

*(Dina sesuke sawetara jam 9. Rama lan Simbok wis dandan, Parto lan Parti nganggo klambi  
anyar gendhing kebo giro)*

*(omahe Minten wis dewenehi janur kuning)*

Rama : Mbok, wis bener durung klambiku?

Simbok : Sampun Rama.

Parto : Kula priipun Ndara, tambah gagah ta?

Parti : Ndara, mbok kula kaliyan mas Parto dinikahke sekalian, ngirit Ndara..

Rama : Kowe ki padha rebut wae..Parto, undangna Minten.

Parto : Nggih Ndara, Den Minten Den Minten. (*karo mlayu ning mburi panggung, ora let suwi munggah maneh karo kewedan*). Ndara..... Den Minten Ndara..

(*Minten munggah panggung karo ngguya – ngguyu dhe cekikikan, nganggo klambi kebaya. Dandanane ora karuan. Minten edan !*).

Suminten : ha ha ha ha ha (*nari mubeng – mubeng*) aku cinderela...aku bakalan dadi wong sugih. Hahaha (*mlayu rana rene*)

Rama : (*nyekeli dhadhane*) Minten, aja guyonan kowe !

Simbok : (*nangis seru banget*) dhuh Gusti kening napa anak kula.

Parti : Adhuh kok dadi ngene . Den Minten, nek mboten purun kalian Den Mono mbok diparingke Parti mawon.

Suminten : ha ha ha ha Rama wedi,, Rama wedi karo Minten Ya??? Hahahaha (*teka – teka nangis*)

Rama : Minten Minten.

Suminten : Rama, Minten bakal nikah ya? Karo sapa Rama? Karo Rama ya? Hahahahah

Rama : Astaghfirullah..Dhuh Gusti. Eling Minten eling.

Suminten : hahahaha....(*mlayu nang penonton*)

(*nang panggung padha bingung kabeh, ora let suwi Den Mono teka*)

Den Mono: Nuwun sewu,, Rama Simbok, kula pun siyap niki..

Rama : hemmm, Den Mono kula bingung badhe ngomong napa..Minten boten purun. Nuwun sewu Den, nika Minten

(*Minten isih nyanyi, ngguyu, lan nangis nang cedheke penonton*)

Den Mono: Apa???Minten ! Minten edan?? Aku ora mungkin nikahi wong edan, ora mungkin...!

Suminten : (*munggah panggung*) Den Mono, ayo nikah Den ,hahahahah

(*Den Mono wedi banjur mlayu lunga*)

Akhire Minten lan Den Mono ora sida nikah, Minten nerusake sekolahe maneh lan isih tetep karo Tejo. Jaman saiki dudu jamane Siti Nurbaya maneh.

## LAMPIRAN 2 :

### INSTRUMEN PENILAIAN

#### A. Penilaian Sikap (Observasi)

No	Indikator	Instrumen
1	Bersikap sopan dan santun dalam berdiskusi.	Terlampir
2	Menggunakan bahasa jawa yang sopan, baik dan benar.	
3	Menghormati pendapat orang lain.	

#### Instrumen Penilaian Sikap

No	Nama Siswa	Aspek yang Dinilai			Nilai
		Bersikap sopan dan santun dalam berdiskusi.	Menggunakan bahasa jawa yang sopan, baik dan benar.	Menghormati pendapat orang lain.	
1					
2					
3					
4					
5					
6					
7					
Kesimpulan Observasi					

Pedoman Penilaian Sikap :

- 1) A = Sangat Baik
- 2) B = Baik
- 3) C = Cukup
- 4) D = Kurang dari cukup

#### B. Penilaian Pengetahuan

- o Teknik Penilaian : Tes tulis dan penugasan
- o Bentuk Instrumen : Uraian

MATA PELAJARAN : Bahasa Jawa

KELAS/ SEMESTER : X/GANJIL

**MATERI PELAJARAN : Bermain Peran**

**Petunjuk umum soal : Nggawea reng-rengan teks drama sing arep koktulis!**

NO	Bab kang wigati sajrone nulis teks drama	INDIKATOR / KRITERIA PENILAIAN	Skor
1	Tema	o Tema yang dipilih siswa menarik dan terarah.	20
		o Tema yang dipilih siswa kurang menarik.	10
		o Tema yang dipih siswa tidak menarik	5
2	Paraga, latar, pamawas pangripta	o Siswa menyebutkan secara detail paraga beserta watak paraga, latar apa yang digunakan, dan sudut pandang apa yang digunakan dalam teks drama.	40
		o Siswa kurang menyebutkan secara detail paraga beserta watak paraga, latar apa yang digunakan, dan sudut pandang apa yang digunakan dalam teks drama.	25
		o Siswa tidak menyebutkan secara detail paraga beserta watak paraga, latar apa yang digunakan, dan sudut pandang apa yang digunakan dalam teks drama.	10
3	Alur	o Siswa memberikan penjelasan singkat tentang awal cerita, terjadinya konflik, penyelesaian konflik dan akhir dari cerita.	40
		o Siswa kurang memberikan penjelasan singkat tentang awal cerita, terjadinya konflik, penyelesaian konflik dan akhir dari cerita.	25
		o Siswa hanya menentukan alur maju, mundur atau campuran	10

**Rubrik penilaian pengetahuan**

No.	Nama Siswa	Skor setiap nomor soal				Nilai
		1	2	3	4	
1						
2						
3						

4						
---	--	--	--	--	--	--

Keterangan :

$$\text{Skor} : \frac{\text{Skor yang diperoleh}}{\text{Skor maksimal}} \times 100$$

### C. Penilaian Keterampilan

**MATA PELAJARAN** : Bahasa Jawa  
**KELAS/ SEMESTER** : X/GANJIL  
**MATERI PELAJARAN** : Bermain Peran

**Petunjuk umum soal** :

- ✚ Nggawea teks drama cekak adhedhasar reng-rengan sing wis kok tulis mau.
- ✚ Unggahen asil tulisanmu mau ing laman google form sing wis sumadya.

NO	ASPEK YANG DINILAI	INDIKATOR / KRITERIA PENILAIAN	Skor
1	Unggah-ungguh basa	○ Siswa menerapkan unggah-ungguh basa dalam teks drama	25
		○ Siswa kurang memperhatikan unggah-ungguh basa dalam teks drama	15
2	Bener lan orane panulisane tembung	○ Penulisan kata dalam teks drama benar sesuai kaidah bahasa jawa.	25
		○ Ada sedikit kesalahan dalam penulisan kata.	15
		○ Penulisan kata hamper keseluruhan salah.	5
3	Critane narik kawigaten	○ Cerita dalam teks drama yang ditulis siswa menarik.	25
		○ Cerita dalam teks drama yang ditulis siswa kurang menarik	15
		○ Cerita dalam teks drama yang ditulis siswa tidak menarik	10
4	Alur critane jelas lan ora mbingungake pamaos.	○ Alur cerita jelas	25
		○ Alur cerita membingungkan.	10

### Rubrik penilaian keterampilan

No.	Nama Siswa	Skor setiap nomor soal				Nilai
		1	2	3	4	
1						
2						
3						

dst						
-----	--	--	--	--	--	--

Keterangan :

$$\text{Skor} : \frac{\text{Skor yang diperoleh}}{\text{Skor maksimal}} \times 100$$

**Mengetahui,**  
**Kepala SMK Negeri 2 Magetan**

**Drs. SUSILO PURWANTONO, MM**  
**NIP. 19620325 198703 1 009**

**Magetan, 29 Agustus 2020**  
**Guru Pengampu**

**SUKMA SATRIANI R.P, S.Pd**  
**NIP. -**